# लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति

प्रस्तुतकर्ता



# दास यूसुफ क परमेश्वर द्वारा सम्मान

लेखक: Edward Hughes
ब्याख्याकर: M. Maillot; Lazarus
अनुकूलित: M. Maillot; Sarah S; Alastair P.
अनुवादक: सुरेश मसीह
उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

BFC
PO Box 3
Winnipeg, MB R3C 2G1
Canada

©2021 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला
बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

यूसुफ गलत तरीका से अपनी पहिला मालिक, पोतीपर द्वारा जेल में डाल दिहल रहलन। जेल में यूसुफ आज्ञाकारी अउर मददगार रहलन। वार्डन, जेल के जन जीवन के व्यवस्थित करे खातिर यूसुफ पर भरोसा कइलन। परमेश्वर यूसुफ की संगे रहलन, इही से जेल सबकी खातिर एगो बेहतर जगह बन गोइल।



राजा क पिलावनहारा अउर पकावनहारा जेल में रहलन। यूसुफ एक दिन उनसे पूछलन, "तू लोग एतना उदास काँहे बाड़अ जा?"



परेशान दूनो लोग जवाब दिहलन,
"केहु भी हमनी की सपनन क भेद
नेइखे समझा पावत।" यूसुफ कहलन,
"परमेश्वर बता सकत बाड़न!" तू हमके
आपन सपना
बताव।




यूसुफ पिलावनहारा से कहलन,
"तोहरी सपना क मतलब इ भइल
कि तू तीन दिन में वापस राजा
फिरौन की पक्ष
में हो जइ ब।"
"तब तू याद
करिहअ अउर
हमके इहाँ से
निकाले खातिर
फिरौन से
निवेदन
करि हअ।"

पकावनहारा की सपना की मतलब में ख़राब खबर रहल। यूसुफ कहलन,"तू तीन दिन में मार दिहल जइबअ।" दूनो सपना सच हो गईल।





लेकिन पिलावनहारा यूसुफ की बारे में तबतक भूलाइल रहलें, जबतक कि फिरौन बड़ा परेशानी भरल एक दिन नींद से जगलन। उ चीखलन,





"हम एगो सपना  देखनी हअ।" उनकी पण्डितन में से कवनो उनकरी सपना क मतलब समझा ना पवलन सअ। फिर पिलावनहारा जेल में की युसुफ के याद कइलन। उ, उनकरी बारे में फिरौन के बतवलन।

फिरौन तुरंत यूसुफ के बुलववलें। यूसुफ राजा के बतवलन कि "आपकअ सपना परमेश्वर की ओर से एगो संदेश जइसन बा।" "मिस्र क सात साल बहुत फलदाई होई, अउर सात साल की खातिर भयंकर आकाल पड़ी।"



यूसुफ फिरौन के सलाह दिहलन
कि "अब तू सात बढ़ियाँ वर्ष की
दौरान खाद्य भंडार के भरे खातिर के
योजना बनावअ" नाहीं त तोहार
लोग आकाल में भूख की
मौत मरिहन।
"परमेश्वर तोहरी साथे
बाड़न," फिरौन घोषणा
कइलन। "अबसे
मिस्त्र क बागडोर
तू सम्हरबअ"
अबसे हमरी
बाद तू ही रहबअ।



सात साल की बढ़ियाँ (फलदाई) वर्ष आ इल। फिर सात वर्ष आकाल क। मिस्र के छोड़ के हर जगह अन्न दुर्लभ रहल; काँहे कि उ लोग बड़ा समझदारी से पर्याप्त खाद्य जमा कइले रहलन। यूसुफ की दूर अपनी देश में, याकूब क परिवार भूख से मरत रहल।



सब देशन क लोग अनाज खरीदे की खातिर मिस्र देश आवत रहलें। याकूब, अपनी लड़कन के आज्ञा दीहलन "तू लोगन के भी जाये के चाहीं" नाही त हम ईहाँ भूखे मर जाईब। मिस्र में पहुंचते ही, लड़का लोग भोजन खरीदे खातिर तैयारी कइलें।



याकूब के बेटा लोग मिस्र की उत्तरदायी व्यक्ति की सामने अपनी माथा के झुकवलन। उ अपनी भाई यूसुफ के ना पहचान पवलें। लेकिन यूसुफ उन सब के पहचान लिहलन। यूसुफ अपनी बचपन की सपना के याद कइलन। परमेश्वर उन के अपनी भाई लोगन की ऊपर ढहरवने।



यूसुफ बहुत बुद्धिमान रहलन। उ उनसे अशिष्टता पूर्वक बात कइलन अउर अपनी भाई शिमोन के बंधक बना के अपनी पास रख लिहलन।



उ सबके आदेश दिहलन "भोजन ले ल जा, घर वापस लौट जा जा अउर अपनी छोटका भाई के साथ में वापस ले के अईहअ जा"
"तब हम बिस्वास करब कि तू सब भेदिहा ना हउवअ जा।"



भाई लोग सोचलें कि बहुत साल पहिले यूसुफ के एगो दास की रूप में बेचला की कारण परमेश्वर अब उन्हन लोगन के दंडित करत तअ ना रहलन।



याकूब अउर ओकर लइका सब उलझन में रहलें। "हमनी क पइसा अनाज में वापस लौटा दिहल गइल बा। अउर शासक चाहत बाड़ें कि हमनी क बेंजामिन के उनकरी पास ले जाईल जा।" याकूब, बेंजामिन के जाये ना दिहन। पर जल्दी ही भोजन खतम हो गईल। भाई लोगन के वापस मिस्र जाये के पड़ी। इ बारी बेंजामिन भी उनकी संगे गइलन।



यूसुफ, बिन्यामीन के देख के, अपनी सेवकन के एगो बड़ दावत क तैयारी करे की खातिर आदेश दिहलन। सब भाइयन के आमंत्रित कइल गोइल। यूसुफ पुछलें "का तोहन लोग क बाबूजी जिन्दा बाड़न?" शायद उ ई सोचत रहलन कि पूरा परिवार के एक संगे कइसे लीयावल जा सके ला।



यूसुफ इहो जानल
चाहत रहलन
कि उनकर भाई
लोग कई बरीस
पहिले कइल अपनी
पापन की खातिर
वास्तव में खेदित
रहलें कि नाही।



भोज की बाद उ
उनपर चोरी क
आरोप लगवलन।

यूसुफ कहलन,
"तोहन लोगन के सज़ा देवे खातिर बेंजामिन के अपनी दास की रूप में रखब" यहूदा विनती कइलन "हे हमार प्रभु, बजाय ओकरी तू हमार जान ले लअ।"

यूसुफ के पता हो गईल कि जेवन यहूदा यूसुफ के बेचला क सुझाव दिहले रहलन, अब सच में बदल गइल रहलन।





जब यूसुफ अपनी परिवार की खातिर अपनी प्यार के छिपा ना पवलन, तब सब मिस्त्रवासियन के बाहर भेज  दिहलन अउर फिर उ रोवे लगलन। "हम तोहन लोगन क भाई यूसुफ हअइं; जेके तोहन लोग मिस्त्रियन की हाँथ में बेच देले रहलअ लोग।"

"हैरानी अउर डर की मारे, भाई लोग कुछउ ना कहलें।"



यूसुफ अपनी
भाई लोगन
के प्रोत्साहित
कइलन।

"परमेश्वर हमके मिस्र में अधिकारी बना दिहलन ताकि हम ए अकाल

में तोहन लोगन की जीवन क रक्षा कर सकीं। जा जा, हमरी बाबू जी के हमरी पास लीआवअजा। अब हम तोहन लोग क देख भाल करअब।"





याकूब अउर यूसुफ
मिस्त्र में फिर से एक
दूसरा से मिल पवलें अउर
पूरा परिवार शांति अउर
भरपूरी में उहाँ रहल।

# दास यूसुफ क परमेश्वर द्वारा सम्मान

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

उत्पत्ति 39-45

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन क क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं। आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16